Гуащэхужь

ХьэтӀохъущокъуэ Беслъэн, пащтыхьым и дзэпщхэм емызэгъ щыхъум, Къэбэрдейр ибгынэри, Псыжь зэпрыкӀащ. Абазэхэхэм яхэтӀысхьэри, пащтыхьым и дзэм куэдрэ къезэуащ. Абазэхэхэм илъэсищкӀэ ядэзэуауэ, Беслъэн Уарп деж тӀысащ, бгым къикӀыжри.
Абы къекӀуэлӀэжащ Беслъэн и шынэхъыщӀэри — ХьэтӀохъущокъуэ Мысост. ЗэшитӀым къуэ зырыз яӀэт — Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ. Аслъэнджэрий щӀалэ хъыжьэт, ӀэщакӀуэт, абрэдж пашэт. Адэлджэрий лӀыгъэкӀэ къыкӀэрыхуртэкъым абы, нэхъ Ӏэсэми. Беслъэнрэ Мысострэ Уарп деж тӀысыжауэ, беслъэнеипщ Къаныкъуэ Айтэч и шыпхъум, ГуащэхужькӀэ зэджэм, и цӀэр Ӏуащ. Аслъэнджэрии Адэлджэрии лъыхъуащ Айтэч и шыпхъу цӀэрыӀуэм. Гуащэхужь Мысост и къуэ Адэлджэрий дэкӀуэсащ. Ар игу техуакъым Аслъэнджэрий: и адэ къуэшри абы и къуэри бий ищӀащ. Аслъэнджэрий бий къыщыхуэхъум, Адэлджэрий бгым ихьэжащ. Адэлджэрийрэ Гуащэхужьрэ къыщыӀэрымыхьэм, Аслъэнджэрий и адэ къуэшыр, Мысост, иукӀащ. Ар къызэрыхуэмыгъунур ищӀэрти, абрэджу хыхьэжащ.

Зыкъом дэкӀауэ, бгым щызэрихьэлӀэжащ Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ. Абазэхэхэм ядакъым зэшитӀыр зэрагъэукӀыжын: хагъэзыхьри, зрагъэкӀужащ. ЗэрагъэкӀужа щхьэкӀэ, тӀуми ягу зэхуэплъырт. Илъ зэрищӀэжын Ӏэмал хуекӀуэри, Адэлджэрий бгым къикӀыжащ, урыс дзэпщым екӀужауэ фэ зытригъауэри, Уарп деж тӀысыжащ. Аслъэнджэрий зэрыабрэджт, шу гуп зыщӀигъуурэ, Псыжь зэпрыкӀырти, зекӀуэрт. ЗекӀуэ ежьауэ къыщыкӀэлъыпхъэркӀэ, Аслъэнджэрий и къуэшым деж зыщигъэпщкӀурти, пхъэрыр зыщхьэщигъэкӀырт: урыс дзэпщым екӀужауэ зигъэӀуати, Адэлджэрий шэч къыхуащӀынутэкъым. Апхуэдэурэ зригъасэщ, игъэбэлэрыгъри, Адэлджэрий илъ ищӀэжащ: Аслъэнджэрийр иукӀри, бгым ихьэжащ.
Хъыбарым зи цӀэ къыхэщ пщыхэр Кавказ зауэм щыцӀэрыӀуэщ. Генерал Ермоловым Къэбэрдейр зэтрикъута нэужь, ХьэтӀохъущокъуэ Беслъэнрэ Мысострэ хэкур ябгынэн хуей хъуащ — Псыжь зэпрыкӀащ. Ар къыщыхъуар 1825 гъэм иужькӀэщ. ЗэшитӀым я къуэхэр — Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ — Къаныкъуэ Айтэч и шыпхъу цӀэрыӀуэм, Гуащэхужь, щрихьэлӀар Беслъэнейрщ. Беслъэнеипщым и шыпхъур апхуэдизкӀэ цӀэрыӀуэти, ди зэманым къэсащ абы теӀукӀа псэлъафэр: «Къаныкъуэ Гуащэхужь умыхъуамэ, узэрыпагэр сыт?».

https://apkbr.ru/node/6948